

# PREVANSYON FATIG PANDAN CHOFÈ AP KONDWI

## KESYON MOUN POZE SOUVAN

### 1. Kijan nouvo règ prevansyon fatig pandan chofè ap kondwi a afekte kantite tan mwen ka travay?

Nou entèdi chofè taksi ak FHV yo kondwi pasaje pou plis pase 10 èdtan nan nenpòt peryòd 24 èdtan ak pou plis pase 60 èdtan nan yon semèn kalandriye (lendi jiska dimanch). TLC pral egzaminen kantite èdtan chofè yo te travay ak dosye vwayaj li resevwa nan men baz FHV yo ak nan sistèm TPEP ak LPEP yo. TLC pral ajoute kantite tan pasaje a - tan ant lè li pase pran yon pasaje ak depoze li - pou detèmine si yon chofè oswa baz te vyole limit pou chak jou oswa chak semèn nan.

### 2. Kilè TLC pral mete nouvo règ prevansyon fatig pandan chofè ap kondwi a an aplikasyon?

TLC pral mete règ la an aplikasyon nan twa (3) faz: koleksyon done, avètisman, ak sitasyon.

Pou swiv kantite èdtan tout chofè ki sipoze swiv règ sa a kondwi, TLC pral travay ak baz FHV yo pou ede yo transfere done sou lè yo depoze pasaje yo bay TLC. Baz FHV yo pral gen obligasyon pou bay dat, lè, ak kote yo te depoze pasaje yo pou chak vwayaj. TLC pral konstate baz yo mi-avril pou bay delè ak espesifikasyon pou soumèt done yo. Epi tou enfòmasyon sa a pral disponib sou [Sitwèb dosye vwayaj TLC anan mi-avril](#). Premye etap la pral pran plizyè mwa. **Remak:** TLC deja ap resevwa done vwayaj konplè pou vwayaj taksi jòn ak vèt yo fè.

Aprè baz FHV yokòmanse soumèt dosye vwayaj avanse yo, TLC pral analize done vwayaj taksi ak FHV yo epi avèti chofè ki ap kondwi twòp yo. Rezon y ap avèti chofè yo se pou bay yo enfòmasyon pou yo kapab chanje orè yo avan yo bay yo sitasyon.

Après TLC pral bay chofè ki vyole limit pou kondwi yo sitasyon. TLC pral di chofè ki gen lisans li yo sa avan li kòmanse bay sitasyon yo. TLC pa pral bay sitasyon bay chofè yo avan fen ane 2018.

### 3. Ki nouvo enfòmasyon baz FHV yo sipoze soumèt epi kilè TLC pral mete nouvo règ yo an aplikasyon?

Baz FHV yo pral gen obligasyon pou bay dat, lè, ak kote yo te depoze pasaje yo pou chak vwayaj. TLC te kontakte baz yo ane pase pou bay delè ak espesifikasyon pou soumèt done yo. Epi tou enfòmasyon sa a disponib sou [Sitwèb dosye vwayaj TLC a](#).

#### 4. Ki pi bon fason pou kontwole kantite èdtan yon chofè travay?

Yon baz dwe kapab fè travay li anba règ la ak yon bagay ki senp tankou yon fèy kalkil Microsoft Excel. Epiou gen vandè ki devlope lojisyèl pou gen dosye koutfil pou kondwi pasaje yo. Chak baz kapab chwazi yon metòd ki fè plis sans pou biznis li.

#### 5. Kisa TLC ap fè pou ede baz ki konfòme ak nouvo egzijans pou bay done sou pasaje yo depoze yo?

TLC pral ofri sipò ak asistans teknik pou baz yo kapab konfòme ak nouvo egzijans pou bay rapò yo, tankou enfòmasyon sou ki kalite teknoloji yo kapab itilize pou konfòme ak règ yo.

#### 6. E si youn nan machin afilye mwen yo resevwa travay nan men lòt baz?

Yon baz sèlman responsab pou asire vwayaj li bay yon chofè rete nan limit tan an. Yon baz pa responsab epi li pa bezwen kontwole tan yon chofè pase ap travay pou yon lòt baz.

#### 7. Kisa règ la di konsènan baz ki voye chofè travay ki depase limit èdtan pou chak jou ak chak semèn nan?

Baz yo responsab sèlman pou vwayaj yo bay yon chofè, yo pa responsab pou chofè ki afilye ak yo epi ki aksepte travay ak lòt baz oswa, si se yon taksi vèt, moun ki rele taksi nan lari a. Baz yo ap gen yon amann \$200 pou peye pou chak vwayaj yo bay yon chofè ki kòmanse lè limit chak jou oswa chak semèn pou pasaje a depase baz la te bay li.

**Egzanp 1:** Si yon chofè pase 11 èdtan ak pasaje nan yon peryòd 24 èdtan epi se nan yon sèl baz yo te bay li pasaje sa yo, baz sa a pral gen pou peye yon amann \$200 pou chak vwayaj yo bay chofè ki kòmanse apre li depase 10 èdtan.

**Egzanp 2:** Si yon chofè pase 11 èdtan ak pasaje nan yon peryòd 24 èdtan, epi Baz A te bay li 6 èdtan vwayaj, epi Baz B te bay li 5 èdtan vwayaj, ni Baz a, ni Baz A pral gen okenn amann pou peye.

#### 8. Ki responsablite mwen genyen kòm yon baz?

Baz yo gen yon responsablite pou yo asire yo pa bay chofè yo vwayaj ki depase limit èdtan yo.

Answit, nouvo règ la egzije pou baz yo soumèt done pou lè chofè yo te depoze pasaje yo pou chak vwayaj. Nou konprann li pral pran tan pou baz yo adapte yo ak chanjman sa a.

## 9. Poukisa TLC ap limite kantite èdtan chofè yo kapab kondwi?

Etid montre lè yon moun ap kondwi pandan li fatige sa kapab danjere menm jan ak lè l ap kondwi apre li sot bwè anpil. Nouvo règ prevansyon fatig pandan chofè ap kondwi a gen de (2) kalite fatig ki kapab afekte fason moun kondwi - moun ki gen yon fatig yon jou konsa ak moun ki toujou fatige. Moun gen yon fatig yon jou konsa si li pa te dòmi ase nan yon grenn jou. Moun ki toujou fatige yo se moun ki pa dòmi ase pandan anpil tan. Gen plis risk pou moun fè aksidan machin ak kalite fatig sa yo.

## 10. Kisa ki konte pou limit 10 ak 60 èdtan an?

TLC pral konte lè yon chofè gen yon pasaje nan machin nan kòm ("lè pasaje"). Chofè yo ap kapab gen sèlman 10 èdtan lè pasaje nan yon peryòd 24 èdtan epi 60 èdtan pasaje chak semèn.

## 11. Èske m ap ka pran yon pasaje si mwen prèske rive sou limit 10 èdtan an?

Si ou anba limit 10 èdtan an lè ou kòmanse dènye vwayaj ou pou jounen an, ou p ap resevwa yon sitasyon, menm si vwayaj la depase limit 10 èdtan an. Pa egzanp, si ou te kondwi pou 9 èdtan 50 minit lè pasaje epi ou te pran dènye pasaje a pou yon vwayaj 20 minit, ou p ap resevwa yon sitasyon pou tan ou depase limit 10 èdtan nan jou sa a. **Remak:** Dis (10) èdtan ak 10 minit konplè lè pasaje pou jou sa a pral konte nan limit chak semèn ou a.

## 12. Kijan TLC pral konnen si mwen te depase limit chak jou oswa semèn nan?

TLC pral kalkile kantite èdtan chak chofè te travay ak dosye vwayaj li resevwa nan men baz FHV yo ak nan sistèm TPEP taksi jòn ak LPEP taksi vèt yo. TLC pral ajoute kantite tan li pase an lè li pran ak depoze yon pasaje pou chak vwayaj pou detèmine si yon chofè te vyole limit chak jou ak semèn nan.

## 13. Kijan mwen kapab kalkile kantite èdtan mwen te travay nan yon jounen / semèn?

W ap kalkile kantite tan ki te pase ant chak fwa ou pran ak depoze yon pasaje nan nenpòt peryòd 24 èdtan ak pandan yon semèn kalandriye (lendi jiska dimanch).

**Egzanp:** Yon chofè pran yon pasaje a 7:05 AM epi li depoze pasaje a a 7:20 AM. Yon chofè pran yon lòt pasaje a 7:35 AM epi li depoze pasaje a a 7:55 AM. Dezyèm vwayaj la dire 20 minit. Paske premye vwayaj la dire 15 minit epi dezyèm vwayaj la dire 20 minit, yon total 35 minit ap konte sou limit tan chofè a.

(Gade paj ki vini apre a) **Remak:** Tan ant de (2) vwayaj yo pa konte nan limit pou kondwi a.

	Lè ou pran Pasaje a	Lè ou depoze Pasaje a	Tan Vwayaj la (minit)
Vwayaj 2	7:05am	7:20am	15
Vwayaj 2	7:35am	7:55am	20
Total Tan ou Kondwi			35

#### 14. Kijan mwen kapab kontwòle lè mwen yo?

Chofè FHV yo dwe diskite ak baz yo pran vwayaj nan men yo sou kijan pou yo kontwòle lè yo. Chofè taksi jòn ak vèt yo ka kontwòle vwayaj yo ak dosye TPEP/LPEP yo. Pou jwenn èd, tanpri kontakte ajans TPEP/LPEP ou.

<p><b>Creative Mobile Technologies, LLC (CMT)</b></p> <p>11-51 47th Ave Long Island City NY 11101</p> <p><b>Telefòn:</b> (718) 937 4444 <b>Faks:</b> (718) 472-4CMT (4268) <b>Biwo Èd 24è sou 24:</b> (877) 268-2947 (877) CMTaxis</p>	<p><b>Verifone, Inc.</b></p> <p>37-03 21st Street Long Island City, NY 11101</p> <p><b>Telefòn:</b> (718) 752-1656 <b>Biwo Èd 24è sou 24:</b> (888) 432-7031</p>	<p><b>Flywheel Software, Inc.</b></p> <p><b>Biwo Èd 24è sou 24:</b> (888) 667-7991 <b>imèl:</b> support@flywheel.com</p>
--	--	--

#### 15. Èske chofè yo dwe mete tan nan trafik, konstriksyon, oswa pwoblèm move tan?

TLC pral sèlman konte kantite tan yon pasaje pase nan machin nan, tan ant chak fwa ou pran ak depoze youn. Si yon chofè bloke nan trafik ak yon pasaje nan machin nan, tan nan trafik sa a pral konte sou limit tan an. Men si yon chofè pral chèche yon pasaje pou yon nouvo vwayaj epi li bloke nan trafik, tan sa a p ap konte pou sou limit tan an.

#### 16. Kijan nouvo règ prevansyon fatig pandan chofè ap kondwi a afekte chofè taksi jòn yo?

Règ la menm jan an pou chofè taksi ak FHV yo. Nou entèdi chofè taksi ak FHV yo kondwi pasaje pou plis pase 10 èdtan nan nenpòt peryòd 24 èdtan ak pou plis pase 60 èdtan nan yon semèn kalandriye (lendi jiska dimanch).

**17. Kijan mwen kapab kontwole vwayaj mwen yo kòm yon chofè taksi jòn oswa vèt?**

Sistèm TPEP ak LPEP yo ki enstale nan chak machin taksi jòn ak vèt yo kolekte done ki nesèsè sou chak vwayaj. Chofè yo kapab konekte sou pòtay la pou kontwole kantite èdtan yo travay chak jou oswa chak semèn.